

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Métođe jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Métođe Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun ngahasilkeun data kalayan tujuan jeung kagunaan nu tangtu. Métođe nu dipaké dina panalungtikan ieu nya éta métođe déskriptif. Sacara harfiah, panalungtikan déskripsi mangrupa akumulasi data kalayan déskriptif wungkul. Teu nguji hipotésis, teu diramalkeun, atawa teu boga ma'na implikasi (Suyatna, 2002:14)

Ieu panalungtikan téh udaganana pikeun ngaguar kandaga kecap dasar basa Sunda barudak umur 2-3 taun, nu dianalisis dumasar panyangreb fonologi jeung semantik pikeun bahan dasar diajar basa Sunda di *Play Group*.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

3.1.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu kudu dilaksanakeun dina panalungtikan, sabab tujuan utama panalungtikan nya éta ngahasilkeun data. Lamun panalungtik teu apal téhnik ngumpulkeun data, tangtu moal bisa ngahasilkeun data standar nu geus ditetepkeun. Ditilik tina jihat carana, téhnik ngumpulkeun data bisa

dilaksanakeun ngaliwatan: 1) téhnik observasi, 2) *interview*, 3) kuesioner, 4) dokuméntasi, jeung 5) gabungan opatanana (Sugiono, 2008:225)

Ari téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik observasi, wawancara jeung sadap.

3.1.2.1.1 Téhnik Observasi

Nasution (1988) nételakeun yén observasi téh mangrupa dadasar sakabéh pangaweruh (Sugiono, 2008:226). Husus ngeunaan panalungtikan panyangreb basa, Dardjowijoyo (2005) ngabagi téhnik observasi jadi dua; natural jeung terkontrol. Téhnik observasional natural dilaksanakeun tanpa aya ‘interférensi’. Budak diantepkeun célibeng sacara alami ditempat nu teu husus disadiakeun. Observasi ‘terkontrol’ dilaksanakeun kalayan tempat panalungtikan disadiakeun atawa diatur heula ku panalungtik.

3.1.2.1.2 Téhnik Wawancara

Wawancara nya éta papanggihna dua jalma pikeun silih tukeur informasi katut ideu ngaliwatan tanya jawab, nepi ka bisa ngawangun ma’na tina topik tinangtu (Sugiono, 2008:231). Kagiatan wawancara dilakukeun keur ngahasilkeun data kandaga kecap dasar Barudak umur 2-3 taun. Jenis wawancara nu diterapkeun nya éta wawancara *terstruktur*, panalungtik geus nyiapkeun heula daptar patalékan nu kudu

dijawab ku réspondén (Budak). Jenis patalékan nu diujikeun nya éta kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*).

3.1.2.1.3 Téknik Sadap

Téhnik sadap mangrupa téhnik dasar dina métode ‘simak’. Téhnik ieu mibanda téhnik turunan nya éta téhnik simak libat cakap (SLC), téhnik simak bébas libat cakap (SBLC), catet, jeung rékam (Sugiyanto, 1993: 133)

SLC dilakonan ku cara panalungtik ilubiung bari ngaregepkeun atawa ilubiung dina paguneman jeung ngaregepkeun. SBLC mangrupa téknik dimana panalungtik teu ilubiung dina dialog atawa teu ilubiung dina prosés paguneman réspondén nu keur gunem catur (Sugiyanto, 1993:134).

Nalika SBLC jeung SLC lumangsung, panalungtik ogé maké téknik catet jeung rekam.

3.1.2.2 Téhnik Analisis Data

Dina nganalisis data aya tilu léngkah nu dilaksanakeun saperti nu aya di handap.


a. Léngkah Milih Data (*Réduksi Data*)

Analisis data dilakonan waktu panalungtik ngumpulkeun data, jeung sanggeus ngumpulkeun data. Data nu aya di lapangan jumlahna réa pisan. Ku kituna perlu dipilih (*réduksi*) hal-hal anu poko luyu jeung rumusan masalah. Dina gambar 3.1

diilustrasikeun kumaha ngaréduksi hasil tina ngumpulkeun data. Dina catetan lapangan aya rupa-rupa data hasil observasi sacara alamiah, ‘terkontrol’, wawancara jeung sadap. Ku cara milih data tina rupa-rupa métode tadi, panalungtik bisa ngarangkum tur milih data nu cocog jeung tujuan panalungtikan.

Gambar 3.1: Téhnik Analisis Data

Catetan di lapangan



b. Léngkah Midangkeun Data (*Display Data*)

Sanggeus data dipilih, data terus dipidangkeun tur dianalisis sarta didéskrripsikeun dina wangun tabél.

c. Léngkah Nyindekeun

Sanggeus dianalisis tur dipidangkeun déskripsi data téh terus dicindekeun. Ari hasil kacindekan nyoko kana kandaga kecap dasar nu disangreb ku budak sarta diklasifikasikeun dumasar warna kecapna katut panyangreb fonologi jeung semantik.

3.2 Sumber Data

Dina nangtukeun sampel lain manusa wungkul salaku réspodén, tapi *setting*, kajadian jeung prosés oge kudu ditangtukeun (Alwasilah, 2003:145). Dina panalungtikan ieu, sampel nu dijadikeun réspodén nya éta make *purposeful sampling* atawa *criterion-based sampling selection*. Sumber data ieu panalungtikan nya éta sakur Barudak nu umurna 2-3 taun di désa Gandasari Kacamatan Katapang Kabupatén Bandung. Tina éta sumber data ditangtukeun 4 budak, kalayan tilu timbangan, nya éta 1) jenis kelamin, 2) tempat, jeung 3) umur.

Kahiji, jenis kelamin (*gender*) anu dipilih nya éta budak awéwé jeung budak lalaki anu dipilih dumasar rentangan umur, a) 2:0-2:5, jeung b) 2:5-3:0.

Kadua, tempat panalungtikan nya éta daérah nu deukeut jeung panalungtik. Tujuanana sangkan kagiatan panalungtikan kahontal tur efektif.

Katilu, umur budak anu ditalungtik aya dina rentangan 2-3 taun

3.3 Léngkah Garapan Panalungtikan

Léngkah garapan dina ieu panalungtikan téh dibagi jadi tilu tahap, nya éta:

(1) tatahar, (2) ngumpulkeun data, jeung (3) nganalisis data. Sangkan leuwih écés, kalima tahap garapan panalungtikan tadi baris dipedar ieu di handap.

3.3.1 Tatahar

Dina tahap tatahar, léngkah-léngkah garapanna nya éta:

- (1) Ngumpulkeun sumber pustaka, saperti buku-buku téori ngeunaan panyangreb basa, kandaga kecap, Psikologi Perkembangan, jeung bahan ajar;
- (2) Nyieun watesan jeung rumusan masalah;
- (3) Ngasongkeun judul panalungtikan
- (4) Nyusun rarancang panalungtikan (proposal), jeung;
- (5) konsultasi sarta ménta panyaluyuan ka dosén pangaping 1 jeung dosén pangaping 2.

3.3.2 Ngumpulkeun Data

Saréngséna tahap tatahar léngkah satuluyna nya éta ngumpulkeun data.

Anapon léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- (1) Nangtukeun jenis kandaga kecap dasar;
- (2) Nyusun daptar kandaga kecap dasar nu baris ditanyakeun ka réspodén;

(3) Nyieun instrumén kandaga kecap dasar Barudak umur 2-3 taun. Anapon instrumén dina ieu panalungtikan kabagi jadi:

a. Panalungtik (*Human Instrument*)

Anu dijadikeun *instrument* dina panalungtikan kualitatif nya éta panalungtik sorangan.

b. Alat Rékam

Rekaman dilaksanakeun sacara natural ka barudak umur 2-3 taun, nu aya di desa Gandasari kacamatan Katapang Kabupatén Bandung kalayan maké alat rekam *digital mp3 player merk Pro*. Barudak nu jadi objek panalungtikan ngawengku Budak awéwé jeung Budak lalaki nu miboga kasang tukang kulawarga nu béda-béda. Prosés ngarékam dilaksanakeun nalika barudak arulin jeung nu saumurana atawa sorangan. Dina kasempetan ieu panalungtik ngahaja nyadiakeun sarana jeung wahana sangkan Barudak bisa ulin.

c. Kaméra

Sangkan meunang gambar waktu panalungtik ngalakukeun observasi, dipaké kaméra merk *spectra*.

d. Instrumén Kecap

Instrumén kecap nu ditanyakeun ka Réspondén jumlahna aya 115 kecap, leuwih jéntré baris diécéskeun di handap

Tabél 3.1 Instrumén Kecap

| A. Istilah Pancakaki | B. Istilah Babagian Awak | C. Kecap Pagawéan |
|--|--|--|
| 1. Adi teges 2. Aki ti gigir 3. Aki ti indung/bapa 4. Bapa 5. Bibi ti bapa/indung 6. Buyut awewe 7. Buyut lalaki 8. Emang/paman/adina bapa atawa indung 9. Indung 10. Kapiadi atawa anakna emang/bibi 11. Kapilanceuk (anakna ua) 12. Lanceuk teges 13. Nini ti gigir 14. Nini ti indung/bapa 15. Toa/ua ti bapa atawa ti indung | 1. Beuheung 2. Beungeut 3. Beuteung 4. Bujal 5. Bujur 6. Buuk 7. Cangkèng 8. Ceuli 9. Cingir 10. Curuk 11. Dada 12. Gado 13. Getih 14. Halis 15. Huntu 16. Irung 17. Jajangkung 18. Jariji 19. Jempol 20. Kèlèk 21. Kuku 22. Lètah 23. Leungeun 24. Panon 25. Pingping 26. Pipi 27. Punduk 28. Rarangan 29. Suku 30. Sungut 31. Taktak 32. Tarang 33. Tonggong | 1. Dahar 2. Diuk 3. Garo 4. Gideug 5. Gugup 6. Jèngkè 7. Kiceup 8. Lieuk 9. Lumpat 10. Malèdog 11. Manyun 12. Mencèt 13. Nangkarak 14. Nangkeup 15. Nangkuban 16. Nèkè 17. Ngègèl 18. Nginum 19. Nunjuk 20. Nyintreuk 21. Nyiwit 22. Peureum 23. Sarè 24. Sèpak 25. Tungkul 26. Unggeuk |

| | | |
|--|----------|--|
| | 34. Tuur | |
|--|----------|--|

| D. Kecap Bilangan Dasar | E. Kecap Kaayaan Warna | F. Kecap Sultur | G. Ngaran Barang Universal |
|--------------------------------|-------------------------------|------------------------|-----------------------------------|
| 1. Hiji | 1. Beureum | 1. Abdi | 1. Bintang |
| 2. Dua | 2. Bodas | 2. Aing | 2. Bulan |
| 3. Tilu | 3. Bulao | 3. Di ditu | 3. Cai |
| 4. Opat | 4. Héjo | 4. Dieu | 4. Kembang |
| 5. Lima | 5. Hideung | 5. Ieu | 5. Langit |
| 6. Genep | 6. Kayas | 6. Itu | 6. Panon poé |
| 7. Tujuh | 7. Konéng | 7. Manèh | 7. Seuneu |
| 8. Dalapan | 8. Ungu | 8. Manèhna | 8. Taneuh |
| 9. Salapan | | 9. Urang | |
| 10. Sapuluh | | | |
| 11. Sabelas | | | |
| 12. Dua belas | | | |
| 13. Tilu belas | | | |
| 14. Opat belas | | | |
| 15. Lima belas | | | |

Panalungtik masing-masingkeun tur nganalisis data tina hasil observasi, wawancara sarta SLC jeung SBLC mangrupa rekaman jeung catetan nalika Barudak umur 2-3 taun ngajawab instrumén kecap. Kacatet aya 857 omongan Barudak umur 2-3 taun. Ari omongan nu ngandung kandaga kecap dasar (KKD) basa Sunda aya 468 kalimah, atawa 54,6%. Saperti nu geus dipidangkeun di luhur aya 115 uji KKD. Teu sakabéh uji KKD bisa dijawab ku budak, malah mah aya kecap nu teu bisa pisan dijawab ku sakabéh réspodén. Di sagédéngeun éta, tangtu loba jenis KKD liana nu bisa dijawab kalayan bener ku barudak. Kecap-kecap anu dianggap hésé disebutkeun biasana mangrupa kecap nu jarang didéngé, dipaké jeung diwanohkeun ka Barudak. Salasahijina R1 (3:0) nu ngawasa 37,94% kandaga kecap dasar, conto kumaha R1 ngawasa KKD pancakaki jeung kecap kaayaan warna èbrèh ieu di handap.

Data Tina Penggelan Wawancara

Tanggal panalungtikan : 20 Juni 2009
Setting : Tempat ulin pasosorè
Waktu : 16.00 WIB

- 060 Panalungtik : “Eta saha anggun?”
 Anggun : “Mamah abi” (R1d/1)
 Panalungtik : “Ieu saha?”
- 061 Anggun : “Enin” (R1d/2)
 Panalungtik : “Ieu?”
- 062 Anggun : “Mang Dadan” (R1d/3)
 Panalungtik : “Ieu?”
- 063 Anggun : “Ma ama” (R1d/4)
 Panalungtik : “Ieu?”
- 064 Anggun : “Abi” (R1d/5)
 Panalungtik : “Ieu saha, cing?”
- 065 Anggun : “Mang abi” (R1d/6)
 Panalungtik : “Ieu?”
- 066 Anggun : “Mang abi” (R1d/7)
 Panalungtik : “Ieu?”
- 067 Anggun : “Abah” (R1d/9)
 Panalungtik : “Ari ieu?”
- 068 Anggun : “Abah” (R1d/9)
 Panalungtik : “Ieu saha?”
- 069 Anggun : “Bi-i” (R1d/10)
 Panalungtik : “Ieu saha?”
- 070 Anggun : “Ema abi” (R1d/11)
 Panalungtik : “Ari ieu saha?”
- 071 Anggun : “Bapa abi botak” (R1d/12)
 Panalungtik : “ieu, saha cing?”
- 072 Anggun : “Mamah tah” (R1d/13)
 Indung : “Anggun!saha?”
- 073 Anggun : “Mamah saha? (R1d/14)
 Indung : “Saha ieu?”
- 074 Anggun : “Mamah ah” (R1d/15)
 Indung : “U...”
- 075 Anggun : “U..” (R1d/16)
 Indung : “Ua Adang
- 076 Anggun : “Ua Dang” (R1d/17)
 Panalungtik : “ieu warnana naon?”
- 077 Anggun : “Stobeli” (maksudna beureum) (R1d/18)

Tabél 3.2 Susunan Daptar Tabulasi Kandaga Kecap dasar

| No | KKD | Kode | F | % |
|----|-------------|------------------------------------|---|-------|
| 1. | Buyut awéwé | R1f/2 R2e/107 R3a/6 | 3 | 0,87% |
| 2. | buuk | R1b/4 R2a/1 R3a/23 R4a/32 | 4 | 0,87% |

(4) Nyusun papasingan jenis kandaga kecap dasar;

(5) Nyusun perséntase jenis kandaga kecap dasar basa Sunda kalayan rumus;

$$\text{Kamampuh KKD} = \frac{\text{Jumlah Kecap nu dikawasa Budak}}{\text{Jumlah kecap nu diujikeun}} \times 100\%$$

(6) Ngabandingkeun jumlah kandaga kecap tiap-tiap réspodén;

(7) Maluruh warna kecap, sora-sora fonologis, jeung aspék semantik KKD nu dihasilkeun; jeung

(8) Nyieun kacindekan.

